# Гъатхэпэм и 8-р ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№25 (24.463) • 2023 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 6, блыщхьэ • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэм теухуа и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз лъапIэхэ!

ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэмкIэ сынывохъуэхъу!

Мы гъатхэ махуэшхуэр фэ фызэрытфIэтелъыджэм, пщIэшхуэ зэрыфхуэтщIым и дамыгъэщ. Фэ фыгуакIуэщ икIи къару хьэлэмэт фхэлъщ, фи гулъытэмкIэ, жумартыгъэмкIэ дунейр нэхъ дахэ икIи гуапэ фощI.

Дэ фи зэфIэкIым, гъащIэм жыджэру фызэрыхэтым пщIэшхуэ худощI. Абы къыдэкIуэу, дауи, фIыщIэ егъэлея яхуэфащэщ унагъуэ жьэгупащхьэр зыхъумэ, къалэн нэхъ лъапIэ дыдэр – сабийхэр гъэсэныр, унагъуэ хабзэхэр зэтеIыгъэныр - зыгъэзащIэ бзылъхугъэхэм.

Щхьэхуэу фIыщIэ псалъэ нэхъ гуапэ дыдэхэр яхуэзгъэзэну сыхуейщ нобэ щхьэмыгъазэу, лIыгъэшхуэ яхэлъу ди Хэкур зыхъумэ зауэлIхэм я анэхэм, я щхьэгъусэхэм, я шыпхъухэм, япхъухэм. Дэ абыхэм текIуэныгъэ къахьауэ икIэщIыпIэкIэ къагъэзэжыну дапоплъэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз псоми узыншагъэ, насып, ефIэкIуэныгъэ фиIэну, фIыгъуэу щыIэр къывэхъулIэну си гуапэщ.

# И купщIэращ нэхъыщхьэр

Махуэшхуэ псоми яхуэдэу Гъатхэпэм и 8-ми езым и тхыдэ иIэжщ нэгъуэщIхэм къащхьэщыкIыу. Абы гъуэгуанэшхуэ къикIуащ. Псори къыщежьар Нью-Йоркщ.

Иджыпсту демократиемрэ захуагъэмрэ дуней псор хуэзыущиину хущIэкъу США-м а лъэхъэнэм гуащIэрыпсэухэр щысхьыншэу щагъэпщIылIырт. Псом хуэмыдэу гугъу ирагъэхьыр цIыхубзхэрт. Ауэрэ я гъащIэ хьэлъэр яхуэмыхьыж хъуащ. 1857 гъэм и гъатхэпэм Нью-Йорк и щэкI, вакъэ фабрикэхэм я лэжьакIуэ бзылъхугъэхэу щэхэр уэрамхэм дыхьащ сыхьэт 16 зи кIыхьагъ лэжьэгъуэ махуэмрэ езыхэм я улахуэхэр цIыхухъухэм иратым нэхърэ куэдкIэ зэрынэхъ мащIэмрэ ямыдэу.

ЛIэщIыгъуэ ныкъуэ дэкIа иужь, 1908 гъэм, Нью-Йорк и щэкI зэIущапIэхэм я лэжьакIуэ цIыхубзхэу мин 15-м аргуэру зыкъаIэтащ лэжьэнымкIэ яIэ IэмалхэрзэрыхьэлъэмкIэ мыарэзыуэ. Ауэрэ америкэн бзылъхугъэхэм къагъэлъэгъуа щапхъэр цIыху куэд зыхыхьа зэщIэхъееныгъэм хуэкIуащ. Абы и пашэ хъуащ коммунисткэ Цеткин Кларэ. Тхыдэтххэм къызэрыхагъэщымкIэ, абы псэембылэжу иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм и фIыгъэщ ЦIыхубзхэм я махуэр зэрагъэувар.

Ар щхьэ хуагъэза гъатхэпэм и 8-м? 1910 гъэм Социалисткэхэм я ЕтIуанэ дунейпсо конференцу къэрал 17-м я лIыкIуэхэр зыхэтам Цеткин Кларэ къыщыхилъхьащ цIыхубзхэм цIыхухъухэм яхуэдэу хэхыныгъэхэм хэтынымкIэ хуитыныгъэ яIэным, ахэр дамыкъуэзэным щIэбэныным и махуэ ягъэуву ягъэлъэпIэну. Жэрдэмыр зэIущIэм хэта псоми даIыгъащ.

ЯпэщIыкIэ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм а махуэр щагъэлъапIэр зэтехуэртэкъым: 1914 гъэм и гъатхэпэм европей къэралхэм я цIыхубзхэр къэуващ къэхъеинкIэ шынагъуэр къэблэгъа зауэр, милитаризмэр ямыдэу. Иджы апхуэдэ Iуэху псори гъатхэпэм и 8-м ирагъэкIуэкIырт, 1857 гъэм лэжьакIуэ бзылъхугъэхэм а махуэм япэу зыкъаIэтауэ зэрыщытар ягу къагъэкIыжу. ЦIыхубзхэм я зэщIэхъееныгъэм жыджэру хэтащ Урысейм щыщхэри. 1917 гъэм Петроград щекIуэкIа пэкIухэм, зэхыхьэхэм къалэнышхуэ щагъэзэщIащ цIыхубзхэми. Революцэр текIуа иужь, 1921 гъэм, Гъатхэпэм и 8-р ягъэлъапIэу щIадзащ зи гугъу тщIа пэкIухэм хэта цIыхубзхэр ягу къагъэкIыжу.

1966 гъэм СССР-м Гъатхэпэм и 8-р мылэжьэгъуэ махуэу щагъэуващ. Иджы ар лэжьакIуэхэм я мызакъуэу, цыхубз псоми я зэхуэдэ гуфIэгъуэ хъуащ. Ауэрэ 1975 гъэм ООН-м гъатхэпэм и 8-р къэралхэм зэдай махуэу къиилъытащ. Абы мыхьэнэшхуэ иIащ: 1979 гъэм къэралхэм я лIыкIуэхэм Iэ традзащ ЦIыхубзхэм я хуитыныгъэхэр гъэлъэхъшэным хуэгъэза лIэужьыгъуэ, псори гъэкIуэдыным теухуа конвенцэм. Абы щыщIэдзауэ гулъытэшхуэ хуащIыжакъым цIыхубзхэр цIыхухъухэм хуитыныгъэхэмкIэ хуагъэдэным - мыхьэнэ иIэжтэкъым. Арати, гъатхэпэм и 8-р цIыхубзхэр щагъэлъапIэ, абыхэм я пщIэр щаIэт махуэм хуэкIуащ.

Мы зэманым ар гуфIэгъуэ ину щагъэлъапIэ къэрал 40-м щIигъум. Пэжу, зэреджэхэри зэтехуэркъым: языныкъуэ щIыналъэхэм ар ягъэлъапIэ Гъатхэм, бзылъхугъэ дахагъэм, унагъуэ лъапIэныгъэхэм я махуэу, адрейхэм нэгъуэщIу. АрщхьэкIэ зэреджэракъым нэхъыщхьэр, атIэ и купщIэрщ. ЖытIэнщи, СССР-р лъэлъэжа иужь совет махуэшхуэ куэд ягъэкIуэдыжами, гъатхэпэм и 8-р къэнащ. Абы къегъэлъагъуэ ди къэралым цIыхубзхэм щыхуащI пщIэр зэрылъагэр.

**ШАЛ Мухьэмэд**.

# Сыт зызыхъуэжынур?

● Егъэджэныгъэ

***УФ-м и Президент Путин Владимир Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъазэм щыжиIащ къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэхэр япэрей Iэмалым хуэкIуэжын зэрыхуейр, апхуэдэуи курыт школхэм щекIуэкI егъэджэныгъэм щынэхъыщхьэхэр игъэбелджылащ. Президентым жиIахэм япкъ иткIэ, сыт дяпэкIэ зызыхъуэжынур?***

## Магистратурэм - пщIэншэу

Путиным жиIащ: «Япэм ди къэралым щыщыIа егъэджэныгъэ ухуэкIэм дыхуэкIуэжын хуейщ, псом хуэмыдэу щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэрырагъэгъуэт программэм ехьэлIаращ зи гугъу сщIыр. ЕджапIэ нэхъыщхьэм илъэси 4 - 6-кIэ щегъэджапхъэщ. Зрагъэгъуэт IэщIагъэр хэхамэ, магистратурэм е ординатурэм щIэныгъэм щыпащэну дэтхэнэ зыми Iэмал етыпхъэщ».

ДяпэкIэ щIэныгъэ гуэр зэзыгъэгъуэта, жэрдэм зиIэ псори магистратурэм щIэтIысхьэу ящIынущ. Иджыпсту апхуэдэ Iэмал зиIэр бакалавриат илъэсиплIыр къэзыухахэращ.

Къэрал унафэщIыр къэпсэлъа нэужь, УФ-м щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэ нэхъыщхьэмкIэ и министр Фальков Валерий жиIащ дяпэкIэ магистратурэм къэрал мылъкукIэ зэрыщрагъэджэнур. ИджыкIэ ар зи насып къихьыр мащIэ дыдэщ.

- Иджы ди гъащIэм къыхыхьэнущ «специализированнэ», «щIэныгъэ нэхъыщхьэ куу» гурыIуэныгъэхэр, ахэр магистратурэмрэ ординатурэмрэщ. Ахэр ноби щыIэщ, ауэ мардэ пыухыкIам тетщ: бакалаврыр къэзыухахэр пщIэншэу магистратурэм щIотIысхьэ, специалитетыр къэзыухахэр абы хуейкъым, - жиIащ Фальковым. - Иджы щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэт псори пщIэншэу магистратурэми ординатурэми щIэтIысхьэфынущ.

ИлъэсиплIкIэ ущеджэ бакалавриатыр зэрылажьэм топсэлъыхь Москва къалэ педагогикэ университетиым и ректор Реморенкэ Игорь:

- МКъПУ-м илъэс зыбжанэ хъуауэ щолажьэ илъэсиплI бакалавриат программэр, абы студент 2000-м нэс щоджэ. УнэтIыныгъитI иIэщ бакалавриатым: «пэщIэдзэ еджапIэрэ» «хамэ къэралыбзэрэ». Хуабжьу мыхьэнэшхуэ иIэщ щIэныгъэ нэхъыщхьэм и япэ Iыхьэр (уровень) зэбгъэгъуэта нэужь, адэкIи хэбгъэхъуэным. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, педагогикэм емыпхауэ нэгъуэщI еджапIэ къэзыуха студент куэд къокIуэ ди магистратурэм педагогикэмкIэ я щIэныгъэм хагъэхъуэну хуейуэ. Мис мыбдеж хуабжьу щхьэпэщ илъэситIкIэ ущеджэ магистратурэр.

## Диплом къуатыж

Иджыпсту еджэ щIалэгъуалэм щыIэ программэхэмкIэ къаухынущ. УхуэкIэщIэм хуэм-хуэмурэ хуэкIуэнуращ къэралыр, ар къыхигъэщащ Президентми. Фальковым жиIащ иратыжа дипломхэм зэхъуэкIыныгъэщIэхэр зэрыжьэхэмыуэнур. Ахэр япэми хуэдэу къыщагъэсэбэпынущ Урысейми хамэ къэралхэми. Мы зэхъуэкIыныгъэхэр щIэныгъэ лэжьыгъэу пхагъэкIами ехьэлIащ, дяпэкIэ аспирантурэр IэщIагъэ щызэрагъэгъуэт лъагапIэ щхьэхуэу щытынущ. Фальковым зэрыжиIамкIэ, зэхъуэкIыныгъэхэр куэдкIэ яжьэхэуэнукъым студентхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щылажьэ егъэджакIуэхэмрэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2012 гъэм аспирантурэр егъэджэныгъэм и ещанэ Iыхьэу ябжу щIадзащ, къэралыр зыхуэкIуа Болонскэ егъэджэкIэм къызэригъэувым тету. Ауэ мис абы лъандэрэ аспирантурэм и мыхьэнэр нэхъ мащIэ хъууэ хуежьащ.

НИУ ВШЭ институтым и унафэщI Терентьев Евгений къызэрилъытэмкIэ, 2012 гъэм егъэджэныгъэм щрагъэкIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм сэбэпынагъышхуэ пылъауэ пхужыIэнукъым.

«Къыхуагъэува къалэным пэлъэщын папщIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм я къару къызэрихькIэ зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ, ауэ абы къикIыртэкъым ар ирагъэфIэкIуауэ. 2012 гъэм щыIа егъэджэныгъэ Iэмал гуэрхэр нэгъабэ лъандэрэ къыхэдгъэхьэжу щIэддзат армырами. Иджы Президентым жиIам иужькIэ, япэрей гъэпсыкIэм дыхуэкIуэжыну къыщIэкIынщ, аспирантурэр щIэныгъэ нэхъыщхьэм и зы лъагапIэ мыхъуу, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щезыгъэджэнухэр щагъэхьэзыр, статус щхьэхуэ зиIэ еджапIэу щыту», - жиIащ институтым и унафэщIым.

## Тхыдэмрэ географиемрэ

Президентым къыхилъхьащ курыт еджапIэхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ щрагъэдж гуманитар дерсхэр нэхъ куу щIын зэрыхуейр, щIалэгъуалэм я Хэкум, щэнхабзэм, хабзэхэм теухуауэ нэхъыбэ зэрегъэщIапхъэр. «ЕгъэджакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм, IэщIагъэлIхэм я фIыгъэкIэ нэхъри едгъэфIэкIуэн хуейщ школхэмрэ университетхэмрэ зэрыщрагъаджэр, псом хуэмыдэу тхыдэмкIэ, обществознаниемкIэ, литературэмкIэ, географиемкIэ. КъыдэкIуэтей щIэблэм Урысейм теухуа хъыбар нэхъыбэ къащIэн, абы и блэкIам щыгъуэзэн, щэнхабзэмрэ хабзэмрэ фIыуэ хащIыкIыу къэхъун папщIэ», - жиIащ Путиным.

Къэрал УнафэщIым къигъэува Iуэхухэм щытепсэлъыхьым УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министр Кравцов Сергей жиIащ апхуэдэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIын зэрыщIадзар. Курыт школхэм нэхъыщхьэу зэрыщрагъэджэну федеральнэ программэхэр щIэуэ щаубзыхум, абы Президентым зи гугъу ищIа предметхэри храгъэубыдащ.

Къэралым ит школ псори федеральнэ егъэджэныгъэ программэщIэм техьэнущ 2023 гъэм фокIадэм и 1-м щыщIэдзауэ.

Путин Владимир зи гугъу ищIахэм ящыщщ егъэджакIуэм и пщIэр къэIэтын зэрыхуейр, абы и лэжьыгъэм щIыхь хуэщIыныр. 2023 гъэр Урысейм щагъэуващ ЕгъэджакIуэмрэ гъэсакIуэмрэ я илъэсу.

Мы гъэм саугъэт зратыну егъэджакIуэхэм я бжыгъэр хагъэхъуащ, цIыху 1250-м дэтхэнэми сом мин 200 иратынущ.

## Илъэситхум - зы мелуан

Путин Владимир унафэ ищIащ илъэситхум къриубыдэу лэжьакIуэ зы мелуан ягъэхьэзыру «Профессионалитет» федеральнэ проектым нэхъри зрагъэубгъуну. ЛэжьакIуэхэм хуэныкъуэщ электроннэ промышленность, робототехникэ, машиностроение, металлургие, фармацевтикэ, мэкъумэш, ухуэныгъэ, транспорт, атомнэ, нэгъуэщI IэнатIэхэри.

Къэрал унафэщIым гу лъитащ IэщIагъэ щрат еджапIэхэр щIалэгъуалэм иужьрей илъэсхэм нэхъ къыхах зэрыхъуам, техникумхэмрэ колледжхэмрэ къэзыухахэр лэжьапIэ IэнатIэхэми къызэралъыхъуэр.

Пэж дыдэуи, колледжым щIэс студентхэм я бжыгъэр иужьрей илъэсым хуэди 6,7-кIэ хэхъуащ, цIыху мелуани 3,5-рэ мэхъу. «Профессионалитет» федеральнэ проектыр ирагъэжьа нэужь, хэпщIыкIыу зихъуэжащ IэщIагъэ зэрырагъэгъуэт щIыкIэм. 2022 гъэм хэгъэгу 42-м егъэджэныгъэ -производственнэ центр 71-рэ къыщызэIуахащ. 2022 гъэм фокIадэм и 1-м ирихьэлIэу а проектым хэт колледжхэм ныбжьыщIэ мини 150-рэ щоджэ.

- 2023 гъэм «Профессионалитет» проектым иджыри унэтIыныгъэ зыбжанэ къыхэхъуащ: радиоэлектроникэ, информационнэ технологиехэр, гъэсыныпхъэ-энергетическэ IуэхущIапIэр, ухуэныгъэ, транспорт, электротехникэ промышленность, мэз промышленность, нэгъуэщI IэнатIэхэри, - жиIащ егъэджэныгъэмкIэ министр Кравцов Сергей. – Иджыри егъэджэныгъэ-производственнэ IуэхущIапIэ 70 къызэIуахынущ, абы къызэщIиубыдэнущ студент мин 350-рэ. А лъэныкъуэм дяпэкIэ нэхъри зедгъэужьынущ, арыншауи хъунукъым, школакIуэхэр а IэщIагъэхэм дахьэхри.

«Профессионалитет» федеральнэ проектыр хагъэхьащ 2030 гъэ пщIондэ къэралым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм ехьэлIауэ япэ игъэщыпхъэ жэрдэмхэм.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**





● Узыншагъэ

# ДэIэпыкъуныгъэхэм я фIагъым хэхъуэнущ

**Иджырей мардэхэм тещIыхьауэ амбулаторэ екIу щаухуэ Бахъсэн районым хыхьэ Куба къуажэм. Медицинэ IуэхущIапIэщIэр зэблэкIыгъуитIу лэжьэнущ икIи махуэм кърииубыдэу абы цIыху 90-м нэблагъэм дэIэпыкъуныгъэхэр щагъуэтыфынущ.**

УНЭМ хэтынущ унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ дохутырхэр щылажьэ, цIыхухэм медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэ, сымаджэхэм махуэм къыщеIэзэ пэш щхьэхуэхэр, «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» и къудамэр.

Иджыпсту лажьэ амбулаторэм и унэр 1948 гъэм ящIауэ щытащ, кхъахэ дыдэ хъуащ. Ар яухуэ «ЦIыхухэм япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр щрат IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжын» щIыналъэ программэм ипкъ иткIэ.

Мы зэманым ухуакIуэхэм блынхэр дращIеящ, унащхьэр тралъхьащ, иджы пэш кIуэцIхэр зыхуей хуэгъэзэн щIадзащ. Медицинэм къигъэув иджырей мардэхэм хуэщIауэ щытыну IуэхущIапIэщIэм къуажэдэсхэр зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэр къызыхуэтыншэу щагъуэтынущ.

Ухуэныгъэр и кIэм нагъэсынущ 2023 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

НОБЭ

Гъатхэпэм и 6, *блыщхьэ*

♦**Дзэ дохутырым и дунейпсо махуэщ**

♦**Глаукомэ узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ**

♦**1929 гъэм** къалъхуащ абхъаз тхакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Искандер Фазиль**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градуси 4 - 5, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

**Лъэпкъ Iущыгъэ**:

**ТIум зэдащIэр щэхущи, щым зэдащIэр нахуэщ.**

# Куэд къызэщIеубыдэ

**Республикэм и щIыналъэ нэхъ щIалэ дыдэр Лэскэн районырщ. Ар щIэуэ къызэрызэрагъэпэщыжрэ мы гъэм илъэс 20 ирокъу. ЩIыналъэм и унафэщIхэм зыхуагъэхьэзыр ар Iэтауэ зэрагъэлъэпIэнум.**

РАЙОНЫМ и юбилейм иращIэкIынущ зэхыхьэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Ахэр зыхуэдэнум, зэрырагъэкIуэкIыну щIыкIэр зыубзыхун гуп щхьэхуэ къызэрагъэпэщащ. Иджыблагъэ абыхэм я зи чэзу зэхыхьэ екIуэкIащ икIи щытепсэлъыхьащ районыр къызэрызэрагъэпэщыжрэ илъэс 20 зэрырикъум теухуа тхылъ къызэрыдагъэкIынум. Къызэхуэсахэм къагъэлъэгъуащ тхылъым и жыпхъэр зыхуэдэнур, ар зэрызэхэтыну Iыхьэхэр. Абы итынущ щIыналъэм и тхыдэм теухуа Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэр, нобэр къыздэсым къикIуа гъуэгуанэр къыщыгъэлъэгъуэжауэ щытынущ, и иджырей зыужьыныгъэми гулъытэ хэха хуащIынущ, апхуэдэуи щIыналъэм и цIыху цIэрыIуэхэм ятеухуа тхыгъэхэр ихуэнущ. Тхылъым ирагъэувэну сурэтхэмкIэ щIыналъэм и гъащIэр щIэпплъыкIыжыфынущ.

КъыдэкIыгъуэм елэжьынущ Лэскэн районым, къуажэхэм я администрацэхэм я IэщагъэлIхэр, щIыналъэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэ, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр.

«Шэч хэлъкъым тхылъыр, я ныбжьи зыпэрыт IэнатIи емылъытауэ, цIыху куэдым ягу зэрыдыхьэнум, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зы къыдэкIыгъуэм щызэхуэхьэсауэ щытынущ районым и тхыдэм увыпIэшхуэ щызыубыд Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр», - жиIащ район администрацэм и унафэщI Инжыджокъуэ Сэфарбий.

**БЕЗРОКЪУЭ Данэ.**

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Ширдий Маринэ Хьэжумэд и пхъум** хуогузавэ абы и гуащэ **Мэсей Быцэ Гъузер и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

**Юбилей**



# Дохутыру еджэу фIэкIа ямыщIэу

**УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ Сибэч Быхуэ къызэралъхурэ гъатхэпэм и 8-м илъэси 105-рэ ирокъу.**

СИБЭЧ Быхуэ Шэджэм районым хыхьэ Нартан къуажэм дэс бынунагъуэшхуэм 1918 гъэм къыщалъхуащ. Я анэр пасэу дунейм ехыжри, бынитхур зеиншэу къэнащ. Адэм бынунэр зэщIикъуэри, Псынэдахэ Iэпхъуащ, и благъэхэм нэхъ япэгъунэгъуу. Ауэ къуажэр цIыкIут, курыт еджапIи дэттэкъыми, я адэшхуэм, сабийхэр иригъэджэн папщIэ, Чёрнэ Речкэ къуажэм фэтэр къащыхуиштэри ядэIэпыкъуащ. Аращ Быхуэ классиблыр къыщиухари.

И щIэныгъэм пригъэщэн папщIэ, и адэ Нухь ар Налшык Ленин еджапIэ къалэ цIыкIум (ЛУГ-м) и медицинэ къудамэм щIигъэтIысхьэну ишащ. УнафэщIым къажриIащ абы студентхэр ирикъуу къызэращтар, ауэ, хуеймэ, актёр IэщIагъэм хуеджэхэм пIалъэкIэ яхигъэтIысхьэу, зыщIэхъуэпсым иужькIэ зэрыхуэгъэкIуэжынур. Адэр арэзы хъуащ. МазитI дэкIри, унафэщIым Быхуэ къыжриIащ медицинэ къудамэм щеджэхэм яхигъэтIысхьэжыну Iэмал зэрыщыIэр. Ауэ хъыджэбзым гупым медицинэ къудамэм кIуэжын идакъым, актёр IэщIагъэм дихьэхри. Пасэ зэманым адэ-анэ куэдым яфIэфIу щытакъым я быныр артисту ирагъэджэну. Къэзылъхуахэм ямыщIэу, гъэпщкIуауэ а IэщIагъэм зыхуэзыгъэсахэм ящыщщ Сибэч Быхуи - абы и адэм ар дохутыру еджэу фIэкIа ищIакъым.

1935 гъэм Москва ГИТИС-м щрагъэджэну къыхаха адыгэ, балъкъэр гупым хагъэхьащ Быхуэ. Ар абы хэтхэм я нэхъыщIэ дыдэт.

Быхуэ «тху» защIэкIэ еджащ икIи илъэситхум къриубыдэу Сталиным и стипендиер къихьащ. 1940 гъэм ГИТИС-р къэзыуха гупым къагъэзэжащ. Ахэращ республикэм и къэрал драмэ театрым и утыкум япэу щыджэгуахэр.

Аброкъуэ Бэллэ и Iэдакъэ къыщIэкIа «Быхуэ» пьесэм къыщыгъэлъэгъуэжащ Сибэч Быхуэ и гъащIэмрэ гуащIэмрэ. Абы гукъинэжу игъэзэщIащ адыгэ, урыс, классикэ драматургием щыщ роль гъэщIэгъуэнхэр. Быхуэ ищIа образхэр езым куэдкIэ пэгъунэгъут. И ролхэм ящыщу нэхъ игу дыхьэхэм ящыщт Джульеттэ («Ромео и Джульетта»), Сюзаннэ («Женитьба Фигаро»), Дахэнагъуэ («Дахэнагъуэ») сымэ, нэгъуэщIхэри. Теплъэ дахэрэ зэфIэкIкIэ Тхьэр зыхуэупса артисткэр цIыхубэми фIыуэ ялъэгъуат. Ар къэзыцIыхуу щытахэм иджыри ящыгъупщэркъым.

Сибэч Быхуэ театр гъуазджэм хуищIа хэлъхьэныгъэфIхэр къалъытащ. Абы къыхуагъэфэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и цIыхубэ артисткэ» щIыхьыцIэр. Апхуэдэу кърататащ медалхэр, щIыхь тхылъхэр, дипломхэр.

**БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.**

**Хъуэхъу**



Мэршэнкъул (ХьэфIыцIэ) Лидэ Мусэбий и пхъум и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъуам папщIэ дохъуэхъу.

Уи пщIэм хэхъуэу, нэхъыщIэхэм уращапхъэрэ уи чэнджэщхэм щIэдэIуу, уи гур хэзыгъахъуэр нэхъыбэу Тхьэм уигъэпсэу! Уи цIэр къраIуэмэ, лъэпкъыр дрипагэу, жьыщхьэ махуэ нанэ къыпхужаIэу уи илъэсищэр дгъэлъэпIэну, Алыхьыр фIыгъуэкIэ къыпхуэупсэну ди гуапэщ.

***Уи унагъуэр, уи анэкъилъхухэр, уи нысэр.***

# ЩIэныгъэр - ар гъуэгу захуэщ

**Пщыгъэуш (Шэру) Рузанэ Къармэхьэблэ къуажэм къыдэкIащ. ЩIэныгъэр и хъуэпсапIэти, абы и ужьым иувэри, и гъащIэр дахэу зэтриублащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым ПедагогикэмкIэ, психологиемкIэ, физкультурэмрэ спортымкIэ и институтым щрегъаджэ. ФIыуэ илъагъу IэщIагъэм, лэжьыгъэм, и унагъуэ дахэм ирогушхуэ.**



## Школыр, колледжыр, университетыр...

Школым сыщыщеджа зэманхэр псом нэхърэ нэхъ IэфIу си гум илъщ. «Мэлычыпхъу», «Даханагъуэ» зэпеуэхэм щIыналъэми республикэми сыщыхэтт, олимпиадэхэм сыкIуэрт, еджакIуэхэр хэтын хуейуэ екIуэкI зэхьэзэхуэ куэдым сашэрт. ФIыуэ седжэрт, си егъэджакIуэхэм гудзакъэ яIэти, щIэныгъэ ябгъэдэлъыр сабийм и деж зэрынахьэс Iэмалхэр тыншу къагъэсэбэпыфырти. Си анэри езыр университет щеджэну ехъуапсэу щытати, зэпымыууэ дэ дытригъэгушхуэрт: «Школым фIыуэ фыщеджэмэ, университетым фыщIэтIысхьэфынущ, фегугъу», - къыджиIэрт.

Школыр къэзухри Информацэхэмрэ технологиехэмкIэ колледжыр юристу диплом плъыжькIэ къэзухащ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым тхыдэмкIэ и къудамэм заочнэу сыщеджащ. Колледжми университетми хуабжьу сэбэп къыщысхуэхъуащ школым щызгъуэта щIэныгъэ лъабжьэр. Университетым нэмыцэбзэмкIэ диIа япэ дерсыр куэдрэ сигу къокIыж. Курс нэхъыжьхэри дэ, щIэтIысхьагъащIэхэри, дызэхэсти, студенти 100 хуэдиз дыхъуу къыщIэкIынт. Ди егъэджакIуэ Ержыб ФатIимэ доскам кърит хэрт падежхэр, нэмыцэ грамматикэм щыщ гуэрхэр. Итхын зэрыщIидзэу, сэ адэкIэ къыпысщэурэ, доскам из итхащ. Адрей студентхэми ягъэщIагъуэрт, мыбы апхуэдиз щхьэ ищIэрэ жаIэу. ИтIанэ доскам сыкъыдигъэкIри, сызыщыщ къуажэм, си унагъуэм нэмыцэбзэкIэ сытригъэпсэлъыхьащ. Сэри къысIурыщэщу жысIэрт. «КъэсщIат уэ Къармэхьэблэ узэрыщыщыр, абы къикIхэм нэмыцэбзэр фIыуэ ящIэ. Уезыгъэджахэм фIыщIэ схуахуэщIыж», - къызжиIащ. Ар псори и фIыгъэт школым нэмыцэбзэмкIэ дыщезыгъэджа Мырзэбэч МуIэед.

## Лэжьыгъэр

Университетым психологиемрэ педагогикэмкIэ дыщригъаджэрт Михайленкэ Ольгэ. Абы студентхэм сакъыхэжаныкIыу гу лъитати къызжиIащ: «ЛэжьапIэ ухуеймэ, ди деж лаборанту къакIуэ». Лаборанту къыщIэздзэри, университетыр къэзухщ, диплом къысIэрыхьэри, лаборант нэхъыжь сащIащ. ПедагогикэмкIэ аспирантурэми сыкIуащ. ЕджапIэ сыщыщIэтIысхьэм сэ сиIат мураду милицэм сыхыхьэну - сехъуапсэрт. Лэжьэн щIэздзэри, абы сыхуеижакъым. Университетым щезгъэджэныр хъуэпсапIэ схуэхъуащ. Аспирантурэр къэзуха нэужь си лэжьыгъэр зэпызгъэуащ, бын згъуэтри.

Лэжьыгъэм зэрыпысщэжу, ассистент сащIащ. Сэри си квалификацэм тхуэ хэзгъэхъуащ, Москва сыкIуэри, егъэджэныгъэм теухуа конференцышхуэ сыхэтащ. А псор къалъытэри, илъэсрэ ныкъуэкIэ ассистенту сылэжьауэ, егъэджакIуэ нэхъыжь сащIащ. Гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэмкIэ унафэщIми срикъуэдзэщ. Ди институтым и унафIэщI Михайленкэ Ольгэ сыт щыгъуи фIыщIэ хузощI: сигъэкIуэтащ, къыздэIэпыкъуащ.

Мы зэманым си кандидат лэжьыгъэми солэжь. Си щIэныгъэ унафэщIщ Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Емуз Нинэ. Ар ди университетми аспирантхэм щадолажьэ.

## Студентхэмрэ сэрэ

Япэу сыегъэджакIуэу студентхэм я пащхьэ сыщиувам сыгузавэрт, пэжым ухуеймэ. АрщхьэкIэ, псынщIэ дыдэу дызэсащ икIи дызэгурыIуащ. ПедагогикэмкIэ къыщIэтIысхьэ студентхэм сащIэупщIэрт хэт езым и гукъыдэжкIэ къыщIэтIысхьами, хэт и адэ-анэм къагъэкIуами, хэт щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэ къудеймэ ядэми. Абы щыгъуэ куэд яхэтт еджапIэ щIыщIэсыр щIагъуэу къагурымыIуэу, щIэныгъэ зрагъэгъуэтмэ, адэкIэ мурад гуэри ямыIэу. Езгъэджэн щIэздзэри, дерс зыбжанэ нэужьым, абыхэм къызжаIэрт: «Сыту фIыуэ дыкъыщIэтIысхьа! ФIыуэ деджэнущ, къэдухми дрилэжьэнущ». Ахэр нэхъапэм щIыхуэмеяр сэ къызгуроIуэ. ЯхуэфIэкIынкIэ хъунур къагурыIуэртэкъыми аращ. Сэ си къалэнщ абы я къарур я фIэщ сщIыжыну. КъызэхъулIэуи си гугъэщ. ЕджапIэ IуэхукIи, я щхьэ IуэхукIи куэдрэ къызочэнджэщ, дзыхь къысхуащIащи.

Лекцэхэр гъэщIэгъуэну зэрезгъэкIуэкIыным, студентхэр сызытепсэлъыхьым дезгъэхьэхын папщIэ Iэмал щIэщыгъуэхэр къэзгупсысыным иужь ситщ. Щапхъэ куэду къахузохь. Гу лъыстащ, щапхъэ гъэщIэгъуэн яжепIа нэужь, а узытепсэлъыхьыр ягу къызэринэм. Псалъэм щхьэкIэ, зымахуэ дифференциальнэ психологиер зищIысыр къагурызгъаIуэрт. Зы Iуэхугъуэм цIыхухэр зэхуэмыдэу щхьэ егупсысрэ, сыт ар къызыхэкIыр? Арат зэхэдгъэкIыр. Сэ си унагъуэр щапхъэу къэсхьащ: щIалищ сиIэщ. Щыри зы адэ-анэщ зыгъасэр. Ауэ зэхуэдэкъым зы Iуэху пыухыкIам щыри зэрыхущытыр. Нэхъыжьыр блэкIрэ пэт бжэ блыпкъым жьэхэуамэ, тIысу гъыфынущ, ар зэрыуфIыцIынум, зэрыузым тепсэлъыхьурэ. А бжэ дыдэм курытыр жьэхэуэмэ, къридзэххэнукъым. Мис апхуэдэ щапхъэхэр къахузохь. Треннингхэр, джэгукIэхэр, тестхэр, щIэныгъэлIхэм я психологие Iэмалхэр щызэхуэсхьэсауэ папкищ сиIэщ. АбыхэмкIэ студентхэм тыншу садолажьэ.

Къапщтэмэ, цIыхум и гупсысэхэр зэрызэтеувэнур, адэкIэ гъуэгу хуэхъунур, дэзыхьэхынур куэд дыдэкIэ елъытащ пэщIэдзэ классхэм щезыгъаджэм. Абы папщIэ сэ фIыщIэ хузощI си япэ егъэджакIуэ Мэкъуауэ СэIимэт. Сыт щыгъуи япэ сызэритыным сыхуиущиящ.

## Сигу къинэжа конференц

Иджырей хъыбарегъащIэ технологиехэр щIалэгъуалэр гъэсэнымкIэ зэрысэбэпым теухуауэ Москва конференц сыщыIащ. Ар иригъэкIуэкIащ ЕгъэджэныгъэмкIэ Урысей академием (РАО). Абы щыIэ щIэныгъэлIхэр лекцэхэм къытхуеджащ. Конференцым хэтащ Урысейм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ цIыху 200. Куэд къыщысцIыхуащ абы, ныбжьэгъуи дызэхуэхъуащ.

Зэхуэсым хэту Москва и школ №32-м дашат. Абы и унафэщIыр къэпсалъэрт. Арати, дызэдэлэжьэным, егъэджэныгъэ IэмалхэмкIэ дызэхъуэжэным теухуауэ упщIэхэр естащ. Ди цIэ-унэцIэмрэ дызыщыщымрэ зытетха тхылъымпIэ плIимэ цIыкIур ткIэрылъти, си цIэр жиIэри, утыкум сихьэну къызэлъэIуащ. «IэплIэ пхуэсщIыну укъыдэсшауэ аращ! - жи. - Сэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сыщыщщ езыр, Налшык къалэ сыкъыщалъхуащ. Куэд щIауэ сыщыIакъым Налшык. УкъыздикIам гу щылъыстэм, куэд сигу къэкIыжащ, си благъэ гуэр сыIущIэжауэ къысщыхъуащ». И телефонри къызитри, лэжьыгъэ IуэхукIэ ди республикэм пыщIауэ щытыну зэригуапэри къызжиIауэ щыташ.

## Насыпыр

Нэхъапэхэм сэ насыпу къэслъытэрт гъащIэм гъуэгу тэмэм щыхэпшыфыныр, щIэныгъэрэ мылъкурэ уиIэныр. Унагъуэ сыхъури, си гупсысэхэм захъуэжащ. Си дежкIэ насыпыр - си унагъуэр схуэузыншэнырщ!

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Анэм теухуа гукъэкIыжхэр

***Анэ... Сыту мыхьэнэшхуи иIэ, къаруушхуи щIэлъ хьэрфищ фIэкIа мыхъу а псалъэм. Анэмрэ бынымрэ яку зэпыщIэныгъэ быдэ дэлъщ, ахэр зэпэIэщIэ щыхъуми, гухэр зэрощIэ, псэхэр зэрыIыгъщ. Бынымрэ анэмрэ зэпызыщIэ къуэпсыр зэпызычыфын, яку дэлъ лъагъуныгъэр зыхуэгъэкIуэдын зы къаруи щыIэкъым.***

***ЗэрыжаIэу, цIыхур балигъ щыхъур и анэр дунейм щехыжа махуэрщ. Уи ныбжьыр хэкIуэтэхукIэ анэм ехьэлIа гукъэкIыжхэр нэхъ гуащIэ мэхъу, абы теухуа теплъэгъуэхэр нэгум щIэт зэпытщ. Сыхуейт нобэ си анэм ехьэлIауэ гукъэкIыжхэмкIэ сывдэгуэшэну.***

ДИ АНЭ Молэ Бабыш Пагуэ и пхъур 1906 гъэм Дыгъужьыкъуей (Аушыджэр) къуажэм къыщалъхуащ. Ар Жылокъуэхэ япхъущ. Псори дызэреджэу щытар Бабэщ. ЗэрыдимыIэжрэ илъэс щэщIым щIигъуами, и нэгум къищу щыта нурым ди унэр къигъэнэху зэпытщ.

Анэм и гум къыбгъэдэкI хуабагъэмрэ и псэм и IэфIагъымрэ дыщимыгъащIэу дыкъигъэхъуащ и бынищыр: сэрэ си шыпхъухэу Данизэтрэ Нуржанрэ. Дысабий дыдэу тфIэкIуэда ди адэм щIэныгъэ зэдгъэгъуэтыныр и уэсятти, тхылъым, еджэным дызэрыдихьэхыр ди анэм и гуфIэгъуэшхуэт. Абы жиIэрт: «Сыту насыпышхуэу къыщыхъунт фи адэм, иджыпсту фыкъилъэгъуамэ. Сэри си натIэм къритхар арати, си кIэтIийр си вакъэпсу фыспIащ, зеиншафэ къыфтезгъэуакъым». ТIэкIу гупсысэрти, адэкIэ къыщIигъурт: «Сэри латин хьэрфхэмкIэ седжэфу, сытхэфу сесат». ИкIи пэжт. Ди анэр 1914 гъэм Налшык къыщызэIуаха реальнэ училищэм щIагъэтIысхьат, ауэ и Iыхьлы нэхъыжьхэм ящыщ зым и унафэкIэ и еджэныр зэпыуауэ щытащ - а зэманым нэхъыжьым и псалъэм къаруушхуэ иIэт.

Молэхэ я нысэ хъуа нэужь ди анэм нэмэз ищIу, нэщIу, КъурIэн еджэу псэуащ.

Иджыри хъыджэбздэсу ди анэр дэрбзэр IэщIагъэм хуэIэзэ хъуат. Телъыджэу абы и Iэпэм къыпыкIырт бухъар, упщIэ пыIэхэр, цей, бэлъто, джанэ, гъуэншэдж, джэлэфей, кIагуэ дыта, бостей, кIэ, плIэ, нэгъуэщI щыгъыныгъуэхэри. Ар зэхуэдэу Iэзэу ирилажьэу щыташ Iэрыгъадэ, лъакъуэрыгъадэ маршынэхэм. Ныкъусаныгъэ гуэр яIэ хъуамэ, ахэр зэпкърихырти, илажьэр зэхигъэкIырт, зыхуей хуигъэзэжырти, иригъэжьэжырт.

Цы иджырт, ипщIырт, лъэпэд, цыджанэ, Iэлъэ, пщэдэлъ, лъей, гуэншэрыкъ, вакъэ зэщIэда, упщIэ вакъэ ищIырт, цыхъар, шылэхъар дэгъуэхэр и Iэпэм къыщIэкIырт. И нэр жант ди анэм. Махуэм колхозым щылажьэрт, пщыхьэщхьэм унэм къекIуэлIэжа нэужь унагъуэ къалэным щIидзэрт: фэтыджэным бжьэхуц шыхьа е хъыдан псыгъуэ кIапэ хилъхьэрти, абы иригъэщI нэхумкIэ пщафIэрт, жьыщIэрт, тхьэщIэрт, бзэрт, дэрт.

Сышхэну сытIысыху сигу къохьэж ди анэм ипщIэфIу щыта адыгэ шхыныгъуэ гуакIуэхэр. СщIэжыркъым зэгуэр шхын щIыIэ сигъэшхауэ. Ерыскъы къыдэмэщIэкIыр анэм и Iэм берычэт щIэхъукIырт. ИпщэфIым езым хишхыкI щыIэтэкъым. И гур егъэлеяуэ и быным хупихырт. Щыри дызэхуигъадэрт, зэрыхузэфIэкIкIэ. Ауэ сэ дагъуэ къысхуащIу фIэфIтэкъым: «Кхъы-Iэ, щIалэ закъуэм фытемыгуплIэ», - жиIэрти лъаIуэрт.

Анэр апхуэдэу къыщысщхьэщыж къэхъуми, зыри сщхьэщихыртэкъым. Лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм сыхуигъасэрт, гъащIэм сыхуригъаджэрт. Ди анэм и ущиехэр нобэми си гум илъщ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «ЦIыхум дахэу яхущыт», «Уи гъунэгъур уи гъуапэщ», «Къыуагъэза дзыхь умыIуатэ», «Хьэрхьупым япэ тэдж», «Нэхъыжь и гъуэгу зыпумыупщI», «Гъавэр умыутэ», «Пшхы хъун къызыпыкIэ жыг къыумыгъауэ», «Бзу абгъуэ уимыплъэ», нэгъуэщIхэри.

Анэм сеупщIурэ лъэпкъ къуэпсхэр зэпысщIэжын сфIэфIти, псэхугъуэ изгъахуэртэкъым. Зэи ешауи, фIэмыфIуи, зэман хуримыкъууи зыкъызигъащIэртэкъым. СыткIэ зыхуэзмыгъэзами, и жэуапхэр хьэзырт, къыспэджэжырт. Езыр набдзэгубдзаплъэт, гурыхуагъ мыкIуэщIыж бгъэдэлъти, куэд ищIэжырт. Мыхьэнэ зиIэ гуэрхэм гу зэрылъыстэм щыгуфIыкIырт.

И адэшхуэ Жылокъуэ Адэлджэрий, Дыгъужьыкъуей къуажэм и старшынэу щытам, и шыфэлIыфэ, и теплъэ, и дуней тетыкIар фIыуэ ищIэжырти, абы теухуа хъыбар куэд къысхуиIуэтэжырт. Ди анэм зэрыжиIэжымкIэ, и адэшхуэр лIы щхьэпэлъагэтэкъым, цIыху хэщIыхьакIи уеджэнтэкъым, къуэгъутэкъым икIи пшэртэкъым. И фэри илри зэкIужырт. Шым теIулIам ещхьу къикIухьырт. И кIэрахъуэм и бгырыпхыр хуришэхыу шы хужьым тест. НэкIухут. Нащхъуэт. НэкIущхьэплъ лъагъугъуафIэт. ЗэфIэкI иIэт, цIыхухэм пщIэ къыхуащIырт, и лэжьыгъэм къыпэкIуэу къратауэ пащтыхь дамыгъэ куэди иIэт.

Дунейм цIыхур къызэрытехъуэрэ анэм и бзэр и гъуэгугъэлъагъуэщ. Сэ ди анэм и бзэм и шэрыуагъыу щытар сIуатэ пэтми схуэухыркъым. И нэм илъагъур псалъэкIэ тынш дыдэу къыбгуригъэIуэфу шэрыуэу псалъэрт. И псалъэмакъым макъамэ щабэм хуэдэу ущIэдэIурт. Емыджа щхьэкIэ, ар усакIуэ, къэIуэтэжакIуэ, гъэсакIуэ, джэгуакIуэ Iэзэт. Абы и хъуэхъури, гушыIэри, ауанри, хъуэрыбзэри екIут, дахэт, зыщумыгъэнщIу уедаIуэрт. ТхьэлъэIу псалъэхэу куэдрэ къигъэсэбэпырт: «ЖьыкIэфэкIэм Тхьэм гущIэгъу къыхуищI», «ЩIэблэм Тхьэм дунейм гу щригъахуэ», «Фи гуащIэдэкIыр псыкIэ Тхьэм имыщI», «Фи гъавэм Тхьэм берычэт хилъхьэ», «ЩIым и фIыгъуэм Тхьэм фыщимыгъащIэ», «Е зигу илъым Тхьэм къыхузэпимыщэ», «Фи гъуэгур Тхьэм фхуигъэнэху» жыхуиIэхэр.



Гущэкъу уэрэдхэр ищIэрт, езыми дахэу зэхилъхьэрт. «Ди къаз некIуэкIа», «Зы зимыIэм выжьитI иIэт» къебжэкIхэр ди анэм зэрыжиIэжу щытам хуэдэу зэи зыщIыпIи щызэхэсхакъым, тхылъми иту срихьэлIакъым. Анэдэлъхубзэм и къэуатыр быдзышэм хэту къытпкърилъхьащ. ЩIэблэм бзэр егъэджыныр IэщIагъэу и бынищми къызэрыхэтхар, шэч хэмылъу, зи фIыщIэр аращ.

Ди анэм гъащIэм къыхиха жыIэгъуэу щиплIым щIигъу стхыжащ: «Анэм и псалъэ», «Анэм и макъ» фIэщыгъэхэр яIэу тхылъыпхъэу згъэхьэзырауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитарнэ къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым щIэлъщ. Ахэр щыIэхукIэ ди анэм и ущие Iущхэр иджыри щIэблэ куэдым зэхахынущи, си гур мэгуфIэ.

**МОЛЭ СулътIан.**

● Дэ къытхуатх

## Зыми хуэзмыгъадэ си егъэджакIуэ

**ЦIыхубзхэм я махуэм ирихьэлIэу и гугъу фхуэсщIыну си гуапэщ Псынабэ къуажэм Къэгъэзэж Валерэ и цIэр зезыхьэ и курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Мэремыкъуэ-Безыр Жаннэ Бэрон и пхъум.**



АНЭДЭЛЪХУБЗЭМ и дуней гъэщIэгъуэным и лъагъуэм сытезышар си егъэджакIуэ Жаннэщ. Ар адыгэбзэ дахэ зыIурылъ, цIыхупсэ телъыджэ зыдэплъагъу бзылъхугъэщ. Аращ курыт еджапIэ нэужьым КъБКъУ-м и филологие институтым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и къудамэм сыщIэтIысхьэу анэдэлъхубзэр нэхъ кууэ зджынымкIэ щапхъэ схуэхъуар. Теплъэ гуакIуэ зиIэ, удэзыхьэх бзэ шэрыуэ зыIурылъ Жаннэ егъэджакIуэ IэщIагъэм пщIэрэ щытхъурэ иIэу илъэс 40-м нэблэгъауэ пэрытщ. Абы и дэтхэнэ дерсри щIэщыгъуэу, гъэщIэгъуэну еухуэ. Апхуэдэ жэуаплыныгъэ хэлъу зи IэщIагъэм бгъэдэт бзылъхугъэр абы къызэрыхуигъэщIам шэч хэлъкъым. И лэжьэгъухэмрэ и гъэсэнхэмрэ къыхуащI пщIэр езым и дуней тетыкIэ дахэмкIэ къилэжьыжащ егъэджакIуэм.

Анэдэлъхубзэм и лъахэм и мызакъуэу, IуэрыIуатэм и дыщэ пхъуантэми хъугъуэфIыгъуэ куэд къытхудихащ ди егъэджакIуэм. Абы гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуи къыддригъэкIуэкIащ. Езы Жаннэ и дуней тетыкIэр, дэтлъагъу хабзэр дэркIэ щапхъэт. ФIым я фIыж си егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэм папщIэ псалъэ гуапэ мыухыжхэр схужыIэнущ.

Адыгэбзэр гъащIэ гъусэ схуэхъунымкIэ щапхъэу сиIа Жаннэ ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу зыхуэзгъэзэну сыхуейт гъатхэм и гъагъэр и гъащIэу, узыншагъэрэ дэрэжэгъуэрэ и бэу иджыри илъэс куэдкIэ ди япэ итыну!

*ПщIэ къыпхуэзыщI уи гъэсэн* **БищIо Iэсият.**

## Гъунэншэщ адыгэбзэр

***Дызэрыщыгъуазэщи, иджырей бзылъхугъэр жыджэру хэтщ къэралым щекIуэкI жылагъуэ-политикэ, социально-экономикэ Iуэхухэм. Зэпымыууэ зи щIэныгъэм хэзыгъахъуэ, зи IэщIагъэм зезыгъэужь, зи лэжьыгъэр къызыхуэтыншэу езыхьэкI цIыхубзым иджырей гъащIэм увыпIэшхуэ щеубыд. Нобэ ди псэлъэгъущ бзэ щIэныгъэм дихьэх, адыгэбзэм и зэфIэкIым хэгъэхъуэным жыджэру телажьэхэм ящыщ пщащэ ныбжьыщIэ Бэждыгъу Альбинэ.***

● ЩIалэгъуэ



**- Уэ уащыщщ анэдэлъхубзэр фIыуэ зылъагъухэм, абы зиужьыным, и мыхьэнэр нэхъри къэIэтыным зи гуащIэ езыхьэлIэхэм. А псоми къежьапIэ яхуэхъуам укъытхутепсэлъыхьамэ ди гуапэт.**

- Си анэр урысми, си адэмкIэ сыадыгэщ. Адыгэбзэм и IэфIыр зыхызэзыгъэщIар си адэм и анэрщ. Зэдэлъхузэшыпхъу дохъури, дыщыцIыкIум щегъэжьауэ, дэ тIур абы и деж тхьэмахуэм зэ дашэрт. Ди нанэр, зыщыщ лъэпкъым и бзэр, и щэнхабзэр апхуэдизу япэ иригъэщырти, пщэдджыжьым къыщыщIэдзауэ жэщ хъуху къызэрыдэпсалъэу щытар адыгэбзэт. Дэри а лъагъуныгъэр къызэрытхипщэным ар сытым дежи хущIэкъуащ. СыкъыдэкIуэтеиху, сэри нэхъ зыхэсщIэ хъуащ адыгэбзэм и дахагъэм, и беягъэм щIэи гъуни зэримыIэр. ГъэщIэгъуэныр аращи, курыт еджапIэм адыгэбзэмкIэ къыщыдат дерсхэр гъэзэщIэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу нэхъыщхьэу сиIар ди гъунэгъухэращ, а бзэр ди анэм зэримыщIэм къыхэкIыу (адэр пасэу тщхьэщыкIат).

**- Телъыджэщ, Альбинэ, бзэр къызэрогугъуэкIым узэрыбгъэдимышар!**

- Ар сэркIэ насыпщ. Мыгувэу нэхъри зыхэсщIащ адыгэбзэм сызэрызыIэпишэр. Сыдихьэхауэ седжэрт республикэм анэдэлъхубзэкIэ къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ ярытхэми. Курыт школым иджыри сыщIэсу къысIэрыхьауэ щыташ адыгэ-урыс псэлъалъэхэм ящыщ зыр. Абы и напэкIуэцIхэм сатхьэкъупауэ сакъызэрыкIэрымыкIым гу лъызыта анэм гузавэ тIэкIуи къищтат.

**- Къызэрысщыхъумкlэ, дэ нэгъэсауэ дыщыгъуазэкъым цIыхум и анэдэлъхубзэм пищIын щымыIэу, ар фIыуэ илъагъу щIэхъум и щхьэусыгъуэм. Уэ, Альбинэ, узэрегупсысымкIэ, сытым къыхэпха хамэбзэхэм, я зэгъэщIэныр къохъулIэ пэтми, адыгэбзэр япэ ибгъэщыныр?**

- Курыт еджапIэм нэхъ къыщызэтыншэкIыу щытар есэпымрэ бзэхэмкIэ дерсхэрат. Адыгэбзэр псом япэ изгъэщын хуей щIэхъуар, псэм и лъащIэм аддэ жыжьэу къыщыщIэращIэ гурыщIэм деж къыщежьэу къызолъытэ. Зэрыхъуар аращи, школ нэужьым, сэ япэщIыкIэ Псыхуабэ дэт колледжхэм ящыщ зым сыщIэтIысхьащ. Абы финансхэмрэ кредит IэщIагъэмкIэ сылэжьэфыну сыкъыщIагъэкIащ. Налшык къэзгъэзэжри, «Такси» ООО-м кассир-бухгалтеру сыуващ. АрщхьэкIэ, а IуэхущIапIэм куэдрэ сыIумыту сыкъыIукIыжри, си гум нэхъ фIэфI унэтIыныгъэмкIэ IэнатIэ сылъыхъуэу щIэздзащ.

**- Абы иужь дэнэ укIуат?**

- КъызжаIат дунейпсо мыхьэнэ зиIэу къалъытэ тхыгъэхэм ящыщу литературэ-художественнэ, псэкупсэ-гъэсэныгъэ, философие я лъэныкъуэкIэ япэ игъэщыпхъэхэр дэ тхуэдэу зи бжыгъэкIэ куэд мыхъу лъэпкъхэм я бзэхэмкIэ зэдзэкIыным, абыхэм ящыщу хьэзыр хъуахэр тхылъу къыдэгъэкIыным, аудио дискхэм тедзэным телажьэ гуп ди республикэми зэрыщыIэр. Абыхэм защыпысщIэм, япэщIыкIэ гъэунэхуныгъэ хуэдэу дерс щхьэхуэхэр къызату щIадзащ. Ауэрэ, си пщэ къыдалъхьащ аудио дискхэр тхыным пыщIа Iуэхухэр къызэзгъэпэщын хуейуэ. Арати, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щылажьэ артистхэм запысщIэри, абыхэм ящыщ гуэрхэр а лэжьыгъэм къесшэлIауэ щыташ икIи диск зыбжанэ, балигъхэри сабийхэри едэIуэфын хуэдэу, дгъэхьэзыращ.

**- Лингвистикэм ехьэлIауэ щIэныгъэ зэрызэбгъэгъуэта щIыкIэм и гугъу къытхуэщIыт, Альбинэ.**

- Ауэрэ, зи гугъу сщIа зэдзэкIакIуэ гупым хэтхэм ящыщу си лэжьыгъэр зэрыдэкIым гу лъызыта гуэрым къызжиIащ Инджылызым щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зым лингвистикэмкIэ (бзэщIэныгъэмкIэ) и факультетым, иджырей Интернет зэпыщIэныгъэхэр къэзгъэсэбэпурэ, сызэрыщIэтIысхьэфынур. КъызиIуэкIа къудей мыхъуу, экзаменхэр тынымкIи къыщыздэIэпыкъум, ари къызэхъулIащ. КъищынэмыщIауэ, зэдзэкIакIуэхэм адыгэбзэмкIэ и къудамэм и зэгъэуIуакIуэ къулыкъури къысхуагъэфэщати, абыи сыпэрагъэуващ. Иужьым, Инджылызым зи гугъу сщIа и еджапIэ нэхъыщхьэм и къудамэу Санкт-Петербург дэтым илъэситI къэс зэ сраджэурэ, абы кавказыбзэхэм я фонетикэмкIэ дерсхэм сакъыщыхуеджащ. Мы зэманми зи гугъу сщIа зэдзэкIакIуэ гупым садолажьэ...

*Епсэлъар* **КЪУМАХУЭ Аслъэнщ.**

# IэпэмкъыпыкI дахагъэ

● Дэ къытхуатх









**Зэпыу имыIэу зызыхъуэж гъащIэм щIэуэ къыщежьэм кIэух иIэкъым. Нобэ къагупсысар пщэдей яфIэгъэщIэгъуэныжкъым, ауэ адыгэ цIыхубзым и теплъэмрэ абы и Iэпэ къызыпекIуэкIым хилъхьэ дахагъэмрэ сыт щыгъуи узыгъэпIейтейщ. Уагъэ зыщI, щагъэ зэIузыщэ, Iуданэ тешэм дихьэх, хэдыкIыр зи дыщэидэ, Мэлэчыпхъуухэм я хъарыбэм и щэхухэр зыщIэ Мамбэт Анетэ и IэщIагъэм и псэм щыщ Iыхьэ хелъхьэ, ар и гъащIэ гъуэмылэщ.**

ШЭДЖЭМ къалэ насыпыфIэу щыпсэухэм ящыщщ Мамбэт Анетэ и унагъуэри. Щхьэгъусэрэ бынитIрэ зиIэ цIыхубзым и къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжахэм ящыщщ жьэгу пащхьэм берычэтыр, зэгурыIуэныгъэр, гъэсэныгъэр щытепщэу щытыныр. Къищынэмыщlауэ, ар хуабжьу хущIокъу хэдыкI IэщIагъэм гулъытэ хэха цIыхухэм хуригъэщIыну, хъыджэбз цIыкIухэм ар я Iэпэгъуу псэуну. Арагъэнущ Анетэ 2005 гъэ лъандэрэ а лэжьыгъэм итхьэкъуауэ щIытелажьэри. Налшык къалэ дизайнымкIэ дэт колледжымрэ университетымрэ щеджа цIыхубзыр IэнатIэ зэхуэмыдэхэм пэрытами, абы и зэмани къаруи щымысхьу зытригъэкIуадэр гупжьей къызэригъэпэщарщ. Езым и Iэпэм къыпыкI дахагъэр цIыкIухэм я гуащIэм ныхешэ, ямыщIэ, ямылъэгъуа телъыджэ куэдым щегъэгъуазэ.

Пасэм куэдым хэдыкIыр фIыуэ ящIэу щытами, нобэм абы хуэIэзэр мащIэщ, Iэдакъэщlэкlыр утыку къизыхьэри нэхъ мащIэжщ. Анетэ и хэдыкIыр, уагъэу ищIыр, щагъэу зэIуищэр занщIэу утыку кърихьакъым. Ящыгъупщэжу хуежьа IэщIагъэм ар хуеджащ, зыхуигъэсащ, илъэс бжыгъэ мымащIэкIи абы телэжьащ, итIанэщ цIыхухэм я пащхьэм ахэр щыщигъэлъэгъуар.

Псэ къулей зыбгъэдэлъ Анетэ ищIыр телъыджэщ. Арагъэнущ абы и хьэпшыпхэр зэпыу ямыIэу щIагъэлъагъуэри, езыр мастер-класскIэ цIыхухэм къыщIыддэгуашэри. Мамбэтым и Iэдакъэ къыщIэкIахэр ди республикэм къищынэмыщIауэ, хамэ щIыналъэхэми щыцIэрыIуэщ. Ар ирагъэблагъэ зэпеуэ хьэлэмэтхэм, гъэлъэгъуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Бжьыпэр абыхэм къыщызыхь Анетэ ирипагэу щыскъым, атIэ адэкIэ зэрыкIуэн гуращэм иIыгъщ. Зэрыгушхуэ-зэрылъагэр езым и гъэсэн цIыкIухэм яригъэлъагъур Iэпэк Iэ яхуэщIу щыщытырщ, зэхьэзэхуэхэм увыпIэ пашэхэр къыщратырщ. Мызэ-мытIэу Мамбэтым и гъэсэнхэр пашэ щыхъуащ ди республикэми хамэ щIыналъэхэми.

- ЩIэблэм уадэлэжьэныр насыпышхуэщ. ХьэлкIэ зэхуэмыдэхэу, теплъэкIэ зэмыщхьэу щыт сабийхэм я Iэпэ цIыкIухэмкIэ хэдыкIым зыхуагъэсэу щыслъагъукIэ, уагъэ щащIкIэ, щагъэ щызэIуащэкIэ, сытым хуэдэ гукъыдэж си псэм игъуэтрэ! - жеIэ Анетэ. - Пэжщ, мы IэщIагъэр тыншкъым, зы махуэкIи зыхуебгъэсэфынукъым. Сэри занщIэу сыхъуакъым хэзыдыкI цIыхубз. Зы махуэм нэхърэ адрейм нэхъ къызэхъулIэурэ, зэм сщIам нэхърэ къыкIэлъыкIуэм си IэрыкI хъуам нэхъ хуэарэзы сыхъуурэ, сыхуэкIуащ си IэщIагъэ дахэм, фIы лъагъуныгъэ зыхузиIэм.

Бзылъхугъэм зэрыжиIэмкIэ, ар зыпэрыува, зызрипщыта хэдыкIыр кIэухым щыхуэкIуам деж абы кърит гушхуэныгъэр къыпхуэмыIуэтэным хуэдэу инщ, уасэншэщ. Ар щIохъуэпс я Iэдакъэм къыщIэкI дэтхэнэ хьэпшыпымкIи и гъэсэнхэр гушхуэну, гукъыдэж яIэну.

Анетэ и лэжьыгъэм гулъытэ лъагэ зэригъуэтым и щыхьэтщ щытхъу, фIыщIэ тхылъхэр IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къабгъэдэкIауэ къызэрыхуагъэфащэри. Иджыблагъэ хъыбарыфI дыдэ къыIэрыхьащ Мамбэтым. Абы къыфIащащ «Урысейм и цIыхубэ IэпщIэлъапщIэ» цIэ лъапIэр. Узэрыгушхуэ хъун хъыбаркъэ?! Уи лъэпкъ, уи къуажэ, уи унагъуэ щыщ адыгэ цIыхубзым апхуэдэ гулъытэшхуэ, щIыхь ин къыхуащIыныр ар уасэншэщ!

Зи Iэпэм дахагъэ къыпыкI адыгэ цIыхубзым, щалъхуа щIыналъэмрэ абы и хабзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ фIыуэ зылъагъу хэкупсэ нэсым дохъуэхъу Бзылъхугъэхэм я дунейпсо махуэмкIэ. Ящыгъупщэж, яIэщIэху хъуа лъэпкъ IэщIагъэ дахэр бэм яхуэзыхьыж, ар къэзыгъэщIэрэщIэж Мамбэт Анетэ мурадрэ хъуэпсапIэу иIэр къехъулIэну, унагъуэ насыпрэ бын гуфIэгъуэрэ щымыщIэу куэдрэ узыншэу псэуну ди гуапэщ.

**МАХУЭЛI Бесльэн.**

# Зи IэщIагъэм нэхъ хуэIэижь

**Къэбэрдей-Балъкъэрым МафIэсым пэщIэткъегъэлакIуэ и къулыкъущIапIэм щекIуэкIащ зи IэщIагъэм нэхъ хуэIэижьыр къэзыгъэнэIуэну зэпеуэ - мафIэс частым и зэпыщIэныгъэ пунктым и диспетчер нэхъыфIыр къыщыхахар.**



ДИСПЕТЧЕРХЭМ ягъэлъэгъуащ я къалэнхэм зэрыхуэхьэзырыр, фIыуэ зэрыхащIыкIыр. Зэпеуэм къыщыхуагъэувахэр зэригъэзэщIам къыпэкIуа баллхэмкIэ бжьыпэр иубыдащ Къэщкъэтау (Шэрэдж район) дэт мафIэс-къегъэлакIуэ часть №8-м и диспетчер Къардэн Таисэ.

ЕтIуанэ увыпIэр къихьащ Лэскэн районым хыхьэ Анзорей къуажэм и мафIэс часть №14-м и лэжьакIуэ Къардэн Ленэ. Май къалэм дэт ПСЧ-6-м и диспетчер Понедельников Виктор ещанэ увыпIэр лъысащ.

МафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ къулыкъущIапIэм и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI Сэбан Арсен къызэрыджиIамкIэ, Къардэн Таисэ иджы япэу щытекIуащ апхуэдэ зэпеуэм. 2020, 2022 гъэхэм абы къылъысар ещанэ увыпIэрщ. IэнатIэм ар щолажьэ 2015 гъэ лъандэрэ.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**



# НасыпыфIэщ КъэлакIуэ Лидэ

**1980 гъэхэм Налшык щыпсэухэмрэ республикэм и щыхьэрым и хьэщIэхэмрэ яфIэфIу кIуэуэ щытащ Ленинным и проспектым тета «Гренада» кафем. Ар цIэрыIуэ зыщIар хэт и дежкIи (ахъшэ зи куэдми, зи мащIэми, студентхэми) зэIухауэ зэрыщытым и закъуэтэкъым, атIэ щагъэхьэзыр ерыскъыхэм я IэфIагъырт. Абыхэм ящыщт 6-нэ разряд зиIэ пщафIэ КъэлакIуэ Лидэ.**

ИЛЪЭСХЭР кIуэри, абы зэрыпщафIэ хьэкур ихъуэжащ мафIэсгъэункIыфI частым связымкIэ и IэнатIэмкIэ. Абы ар тезыгъэгушхуар а зэманым ирихьэлIэу Лидэ и гъащIэм щигъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм и закъуэтэкъым, ар унагъуэ ихьэри сабиищи иIэ хъуакIэт, атIэ «Гренада»-м и унафэщIхэри яхъуэжат.

КъэлакIуэр лэжьапIэщIэ куэдрэ лъыхъуэн хуей хъуакъым - IэнатIэм езыр къигъуэтауэ жыпIэ хъунущ, жыжьи кIуэн хуей хъуакъым - уи Iэр пшиймэ улъэIэсынут. КъэлакIуэхэ мафIэс частым къыбгъэдэсти (ПЧ-14-р 2013 гъэм и гъатхэпэм нэсыху абдежым щыIащ), Лидэ щIэх-щIэхыурэ абы щIыхьэрт, и щхьэгъусэм шэджагъуашхэ хуихьырт, мафIэсым пэщIэтхэм я лэжьыгъэм кIэлъыплъырт.

1996 гъэм мафIэс частым цIыхубз-диспетчерхэр къищтэу щIидзащ, КъэлакIуэри абыхэм яхэхуащ - илъэс куэд хъуауэ IэнатIэм и унафэщI Щоджэн Хьэтызэ къыхуигъэлъагъуэри, ар ПЧ-14-м уващ.

МафIэсым пэщIэт IэнатIэм зэрыщылажьэ илъэс 27-м къриубыдэу Лидэ мафIэсхэр ягъэункIыфIыным, гъуэгу-транспорт, нэгъуэщI къэхъукъащIэхэр гъэкIуэдыжыным ехьэлIауэ гупыр дапщэрэ дигъэкIами къыпхуэбжынкъым.

- Апхуэдэ дакъикъэхэм абы зытыбоухуапэ, - къыддогуашэ КъэлакIуэр. - Къэрэгъул гупым къапэщыт къалэнхэр зэфIахыу къагъэзэжыху, тыншу убэуэфыркъым. УопIейтей а щIалэхэм щхьэкIи, мафIэсым хиубыдахэм ятеухуауи. Дыхуейщ апхуэдэ гузэвэгъуэ хэхуа цIыхухэм мылъку хэщIыныгъэшхуи ямыгъуэтыну, я гъащIэмрэ узыншагъэмрэ зэран яхуэмыхъуну, мафIэсым пэщIэт ди лэжьакIуэхэр узыншэу, я къалэныр зэрызэфIахар зыхащIэу нэхъ псынщIэу частым къагъэзэжыну.

КъэлакIуэ Лидэ и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, диспетчер лэжьыгъэр куэдым къазэрыщыхъум хуэдэу тыншкъым: шэнт щабэм ису телефонымкIэ хъыбархэр къыIах. Ар апхуэдэ дыдэкъым, абы езым и гугъуехьхэри иIэжщ.

- КъызгурыIуэ мафIэсыр зылъэIэса цIыхухэр. Ауэ, лей зытехьахэм мафIэсым и хъумакIуэхэм я деж мыпсэлъэфауэ, мафIэсгъэункIыфIхэр гувауэ, машинэхэм псы имыту нэсауэ щыжаIэм деж схуэхьыркъым. Апхуэдэ щыIэнкIэ Iэмал иIэкъым! Нэхъыбэм къэхъуращи, мафIэс къызэрыхъуам теухуа хъыбарыр ар зи къалэн IуэхущIапIэм псынщIэу егъэщIэным и пIэкIэ, езыхэм мафIэр ягъэункIыфIыну зрапщыт. Ар зэрахузэфIэмыкIыр, мафIэм зэрыпэмылъэщыр зыхащIа иужьщ мафIэсгъэункIыфIхэр кърагджэным щыхуэкIуэр. АпщIондэху мафIэм и къарур нэхъ лъэщ мэхъури, къыпэщIэхуэ псори зэтресхьэ. МафIэсгъэункIыфIхэм зы меданым лыгъэр ягъэункIыфIыфынукъым, ауэ абы кърикIуэнухэр куэдкIэ нэхъ мащIэ ящIыфынущ, къэхъуам теухуа хъыбарыр и чэзум къегъэлакIуэ IэнатIэм ебгъащIэмэ. Ди деж машинэхэр, мафIэсым пэщIэт дэтхэнэ IэнатIэми хуэдэу, сыт щыгъуи щытщ мафIэр зыгъэункIыфI пкъыгъуэхэмрэ материалхэмкIэ зэгъэпэщауэ.

Къыхэдгъэщынщи, и лэжьыгъэр КъэлакIуэм дежкIэ гъащIэм и Iыхьэ хъуащ. НэгъуэщIуи хъунут, мафIэс частыр метркIэ уи унэм пэIэщIэу арамэ? Ар и щхьэусыгъуэ къыщIэкIынщ Лиди и щхьэгъусэ Мартини (илъэс 15-кIэ щылэжьащ, иджыпсту пенсэ кIуауэ зегъэпсэху) я гъащIэр абы щIыпащIар. Я къуэ нэхъыжь Мухьэмэд и адэм и лъагъуэм ирикIуащ икIи 2011 гъэ лъандэрэ а частым и шофёрщ.

Бынищым нэмыщI Лидэ иIэщ абыхэм къатепщIыкIыжа хъыджэбз цIыкIуитIрэ щIалэ цIыкIуиплIрэ. Зэман щиIэм деж унагъуэ хадэм йолэжьыхь: мамкъут егъэкI, джэдкъаз егъэхъу.

Къыхэдгъэщынщи, Хъудин ипхъу Лидэ гъатхэпэм и 10-р къыщалъхуа махуэщ. Илъэс бжыгъэ дахэ ирикъу ди лэжьэгъум и махуэшхуэмкIэ дохъуэхъу узыншэу, насыпыфIэу, и щIэблэм иригушхуэу, гуфIэгъуэрэ беягъэрэ и куэду гъащIэ кIыхь къикIуну.

**СЭБАН Арсен.**




• Псалъэжьхэр

# Шынэ здэщымыIэм укIытэ щыIэкъым

- Дэрбзэрым ущытхъумэ, бзыхьэхуэм джанэ къыпхухех.
- Зи жьэм куэд жиIэм и Iэм куэд ищIэркъым.
- ЛэжьэкIэмыщIэ и Iуэху хэщIыркъым.
- УщыщIалэм умыугъуеяр уи жьыщхьэ бгъуэтыжынкъым.
- Хуэмыху унафэ щIынкIэ Iэзэщ.
- Ахъшэ зи куэдыр дыгъум щошынэ.
- ЗэфIэкI зиIэм унафэри IэщIэлъщ.
- Насып зиIэм шыIи иIэщ.
- Дзыгъуэ пэт и гъуэ щылIыхъужьщ.
- Зы къэрабгъэм дзэ псор егъэкIуэд.
- Абрэмывэрэ пэт зы пIэм илъкъым.
- Бгым ущыхунумэ, шхийми уегъэлъэпэрапэ.
- Зы акъыл нэхърэ - акъылищэ.
- ФIы зыщIэ и пщIэ кIуэдыркъым.
- ШкIахъуэ пэт нэхъыжь яIэщ.
- Шынэ здэщымыIэм укIытэ щыIэкъым.
- Бгъэр куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ.
- Гъуэгум лъыхъуэркъым - щIоупщIэ.

• Фэ фщIэрэ?

# ГуфIэри... дахащэ хъуащ!

ГуфIэгъуэр къызэрыщ нэгу зэлъыIухам нэхъ Iэщэ лъэщ цIыхубзым бгъэдэлъкъым. Гуапэу, гуфIэжу ущытыныр дахагъэм, щIалэгъуэм, узыншагъэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ. УщыгуфIэкIэ уи нитIым хъуаскIэ къыщIех, макъыр къабзэ мэхъу, нэгур дахэ, гуакIуэ ещI. ГуфIэм дыгъэм хуэдэу цIыхур зыIэпешэ.

Дохутырхэм къызэралъытэмкIэ, гукъыдэжыр, гуфIэр, дыхьэшхыр хущхъуэшхуэщ. Iэпкълъэпкъыр узыфэ куэдым пэлъэщынымкIэ ахэр сэбэпщ. Къызэрахутамкlэ, гуфIэрейхэр, гукъыдэж зиIэхэр сыт хуэдэ узыфэми нэхъ полъэщ, нэхъ щIэхи мэхъуж.

ГуфIэу зегъэсэн хуейщ. Зы гукъыдэжи зы гуфIэгъуи уимыIэми, уи нэгум гуфIэ къищу ущытыныр фIыщ. ТIэкIу зэрыдэкIыу умыщIэххэу уи жэрдэмым зыкъиIэтынущ, езыр-езыру угуфIэнущ.

# ЩхьэлъащIэм и хьэтыркIэ




Адыгэ хабзэр зыщIэ, зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж дэтхэнэ цIыхухъури мэтэдж цIыхубз къыщыщIыхьэкIэ, къыщыбгъэдыхьэкIэ, щыблэкIкIэ.

ЦIыхухъурэ цIыхубзрэ зэгъусэу щытмэ, щысмэ е гъуэгу теувэмэ, цIыхухъум цIыхубзыр и ижьырабгъумкIэ егъэув (егъэтIыс), ауэ и гъусэр и щхьэгъусэмэ, здигъэувыпхъэр (здигъэтIысыпхъэр) сэмэгумкIэщ. АбыкIэ къащIэу щытын хуейщ ахэр зэрызэщхьэгъусэр.

ЦIыхухъуитI зэщыхьамэ: «ЩхьэлъащIэм и хьэтыркIэ щывгъэт», – жиIэу цIыхубзым и IэлъэщIыр абыхэм яку дидзамэ, зэзэуэну зэпэщIэувахэр зэпикIуэтыжырт.

Унэм щыщIыхьэкIэ, куэбжэм щыдыхьэкIэ адыгэ цIыхубзхэм цIыхухъур япэ ирагъэщ, ар я щIыб ирагъэплъэну къахуегъэкIуркъым. Адыгэ хабзэмкIэ цIыхубзыр цIыхухъухэм япэ щрагъэщыр нэщхъеягъуэ здэщыIэ пщIантIэм щыдыхьэм дежщ.

ЦIыхухъу гупым яхэт цIыхубз закъуэм е тIуущым я Iэр нэхъапэ яубыд.

ЦIыхухъурэ цIыхубзрэ IэплIэ зэхуащIын хъумэ, бзылъхугъэрщ жэрдэмыр зейр. ЦIыхухъум япэ цIыхубзым IэплIэ иришэкIыныр емыкIуу къелъытэ адыгэ хабзэм. ЦIыхухъум япэу IэплIэ зыхуищIыпхъэр анэшхуэ, анэ шыпхъу, адэ шыпхъу, езым и шыпхъу дыдэхэрщ.

Дунейпсо этикэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, цIыхухъурэ цIыхубзрэ щызэхуэзам деж сэлам ирихыну япэ Iэбэн хуейр цIыхубзырщ, ауэ ар адыгэ цIыхубз щыпкъэм къыхуегъэзэгъыркъым. КъыхуегъэкIуркъым езым и Iэр япэ ишийуэ цIыхухъуIэм IэщIилъхьэну. Ар зыщIэ, хабзэ зыхуэхъуа адыгэ цIыхухъухэми езыхэм я Iэр япэ яшийрэ сэлам ирахыу есащи, абы тету йокIуэкI.

• ГушыIэхэр

### АдэкIэ зыри щыIэжкъым

Мусэ зэрыцIыкIурэ дрийпсырийт, къуейщIейт. Зы махуэ гуэрым абы и къуейщIеигъэм къигъэтэмакъа и анэм хуэмышэчыжу жеIэ:

- ИкIэщIыпIэкIэ си натIэм урашу армэм уашэну Тхьэм жиIэ. Уашэми, щIым и гъунэ дыдэу адэкIэ зыри здэщымыIэжым уашэну. Сэри илъэс зытIукIэ узмылъагъуу зызгъэпсэхунт!

Куэд дэмыкIыу Мусэ дзэм къулыкъу ищIэну яшэри, Чукоткэрэ Аляскэрэ щызэпылъ щIыпIэм и деж къэрал гъунапкъэр ихъумэну ягъэуващ. Мазэ зытIу дэкIауэ Мусэ и анэм письмо къыIэрохьэ сурэти дэлъу.

Къыдихрэ еплъмэ, си Мусэу плъагъум и Iэпэр хы лъэныкъуэмкIэ егъэлъагъуэ: «Уигу гъэзагъэ, си анэ, адэкIэ зыри щыIэжкъым», - кIэщIэтхат сурэтым.

### Ахъшэм сытетщ

Япэ урокыр щIидзэным къэнэжар дакъикъитхут, завхоз Исмэхьил школым и унафэщI Iэубэчыр и дежкIэ телефонкIэ щыпсэлъам.

- Iэубэчыр, уэлэхьэ, нобэ школым сынэкIуэфыну къыщIэмыкIын.

- Сыт къэхъуар, Исмэхьил? Сыт укъыщIэмыкIуэфынур?

- Плъагъуркъэ, Iэубэчыр, ди унагъуэм ахъшэ яфIэкIуэдауэ мэлъыхъуэ.

- А зиунагъуэрэ, фи унагъуэм ахъшэ яфIэкIуэдауэ лъыхъуэмэ, уэ сыт абы хэпщIыхьыр?

- А ахъшэм сэ сытетщ, Iэубэчыр!

**ДУМЭН Мурадин.**

• Гъуэгуанэ тхыгъэхэр

### Ди хьэблэ дадэхэр

Ди хьэблэ дэкIуейм дадэу блы дэст. Пщэдджыжь къэси джабэ лъапэм щызэхуэсырт. Хэт шкIэхэр дихурт, хэти мэлхэр, хэти нэхъ жьыуэ жэмхэр. Жэмхэр сыхьэтыр плIым Iэхъуэм ягъэакIуэрт. Сыхьэт дапщэм дэкIами, зыри зэбгрыкIыжыртэкъым. ЕкIуэкIыу мывэ сэрейм и лъабжьэм кIэщIэт тетIысхьэпIэ лъахъшэм тесхэт. ЖаIэни ягъуэтырт. Дахэу зэдэуэршэрхэрт. Си гум ириубыдар: дэтхэнэ зыми пыIэ щхьэрыгът: хэт пыIэ хъурыфэу, хэт упщIэ пыIэу, хэти бухъару къытесу. ЩхьэпцIэу зы дадэ слъэгъуакъым. Я дадэ башхэри хуабжьу зыщIамыгъакъуэми, яIыгът, хэти и блэгущIэм щIэлъу дэкIуейрт. Хуабжьу зекIуи яхэтакъым: нэмысышхуэ яхэлъу, зэпIэзэрыту, ину мыпсалъэу...

Джабэжьхэр щытщ, уардэу, псалъэмакъыншэу, ауэ абы и лъабжьэм кIэщIэса дадэ IэфIхэр щызэхуэсыжыркъым абдежым. ЗэкIэлъхьэужьу кIуэжахэщ езыхэм я дадэфI яIахэр здэщыIам...

### ЦIыкIуу хъуар си натIэти

Марзидан и щхьэгъусэр зауэм хэкIуэдауэ, и бынхэр езым и закъуэу зэщIипIат. И къуитIми балигъ щыхъум къаригъэшат. НэхъыщIэр щIалэ лъахъшэт, и анэм къыхуигъуэту къишари апхуэдэу цIыхубз лъагэтэкъым. Ауэ нысащIэфI дыдэт. ЗыхигъэкIын хуей щыхъум, анэм жиIащ:

- Уэ, ФIыцIэ, мо унэ цIыкIум укIуэнщ, жэм къуэлэн цIыкIум танэ цIыкIури дэщIыгъуу уейщ. Сырэ цIыкIури, Iэнэ хъурей цIыкIури, тахътэ цIыкIури къащтэ.

- Фыз цIыкIури абыхэм я гъусэу, цIыкIуу хъуар си натIэти, - къыпыгуфIыкIащ ФIыцIэ.

**БАГЪ Марьям.**

# Псалъэзэблэдз



*ЕкIуэкIыу:* **1**. Зи щхьэр къабзэ, зи гур ... **3**. Лъапсэншэм ... иIэкъым. **7**. ... и хабзэр пхъум и бзыпхъэщ. **8**. Пшэ темылъу ... щыIэкъым. **9**. Гъуабжэ псори мыщэкъым, ... псори дыщэкъым. **12**. ... ящэри напэ къащэху. **13**. Узыдэмыхьа къуэладжэ ... дэлъщ. **18**. ... и гъуэгу хощI. **20**. ... псэумэ, пыIэ щыщIэркъым. **21**. ... и вакъэ лажьэркъым. **22**. ... лыкIэ зигъэнщIмэ, къофэ. **23**. МафIэр ягъэункIыфIын ... псы къабзэ къалъыхъуэркъым.

*Къехыу:* **1**. ... Iыгъынрэ шы Iыгъынрэ зэхуэдэщ. **2**. ... и IэщIагъэр къуэм и уагъэщ. **4**. Пэ зиIэм кIэи ... **5**. КъуаргъитI зэрошхри бзум ... къыдокI. **6**. ЦIыхум и цIэр ... зыфIещыж. **10**. Уи гур зыхуеIэм уи ... лъоIэс. **11**. Адакъэ мыIуэкIэ нэху ... къанэркъым. **14**. ... и хабзэр нысэм и бзыпхъэщ. **15**. Лы зышхар ... йофэж. **16**. ... сэгъейщ. **17**. Фо нэхърэ жей нэхъ ... **19**. ... гуэшэгъу нэхърэ губзыгъэ дэуэгъу.

*Зэхэзылъхьар* **Бицу Жаннэщ**.

**Мазаем и 18-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

*ЕкIуэкIыу:* **1**. Пшэм. **4**. Мыжэ. **6**. Хьэрш. **7**. Ригэ. **8**. Быж. **9**. Къупщхьэ. **11**. Аслъэн. **14**. Вэн. **15**. Бо. **16**. Ер. **17**. Макъ. **19**. Къанжэ. **20**. Аргъей. **21**. Жин. **22**. Куба. **24**. Дзюдо. **26**. Къущхьэ. **27**. Гуащэ.

*Къехыу:* **1**. Шхуэ. **3**. Мэшбэв. **4**. Мэржан. **5**. Жыг. **9**. Къургъакъ. **10**. Щыбын. **12**. Лъэрыгъ. **13**. Нэгъуей. **17**. Мэжаджэ. **18**. Къандзэгу. **23**. Уэщ. **25**. Дыщ.

# Быныр фIым хуэвгъасэ, хабзэм щIэфпIыкI

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм къызэрагъэпэщ дауэдапщэхэм Зеущэ Алёнэ жыджэру зэрыхэтымкIэ къэтцIыхуащ. Иджыблагъэ ар иджыри зы ехъулIэныгъэкIэ къыхэщхьэхукIащ - «Сабий творчествэм и IуэхущIапIэу» Бахъсэн къалэм дэтым и унафэщI хъуащ.**

АЛЁНЭ Дыгулыбгъуей къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэ нэужьым абы къиухащ КъБКъУ-м тхыдэмкIэ и къудамэр. 2011 гъэм Бахъсэн къалэ администрацэм къыщызэрагъэпэща ЩIалэгъуалэ советым и унафэщIу хахащ. Жылагъуэ-политикэ лэжьыгъэм пыщIа Iуэхухэм тыншу пэлъэщу, кърихьэжьар и кIэм нигъэсыу, ищIэр хъууэ - апхуэдэщ Алёнэ.

Зеущэм и лэжьыгъэ гъуэгуанэр «Псынэ» журналым къыщожьэ. ЕджапIэ нэхъыщхьэм щIэсу ар псэемыблэжу хуэлэжьащ адыгэ журналым, еджэнымрэ рекламэмкIэ менеджер къалэнхэмрэ зэдихьу. Абы щыгъуэ жылагъуэ-политикэ лэжьыгъэм хыхьащ.

- Сыт хуэдэ Iуэху къетхьэжьами, щIэгъэкъуэн ди куэду, дакъыгурыIуэу, дызыхащIыкIыу лэжьыгъэшхуэ дыублат абы щыгъуэм. Дызыдэлажьэ къулыкъущIэхэм, нэхъыжьхэм, жылэм ди мурадхэр къыддаIыгъти, тхузэфIэмыкIын щымыIэу къытщыхъурт. Абы апхуэдизкIэ ди гукъыдэжыр къиIэтырти, илъэситIым къриубыдэу ди цIэр республикэ псом щыдгъэIуат, ди зэгухьэныгъэм хуэдэ адрей щIыпIэхэм къыщызэрагъэпэщыну мурад зыщIхэр чэнджэщакIуэ къытхуэкIуэрт, - жеIэ пщащэм.

Апхуэдэу Алёнэ къыгурыIуащ политикэмрэ жылагъуэ лэжьыгъэмрэ къызэрыхуигъэщIар. Абы щыхьэт техъуэу 2013 гъэм Зеущэр «Урысей зэкъуэт» партым и «ЩIэблэщIэ гвардие» щIыпIэ къудамэм и унафэщIу хахащ. И IэнатIэр фIэфIу зэрызэрихьэмкIэ, и гупсысэкIэмрэ лэжьэкIэмкIэ адрейхэм къахэщхьэхукI щыхъум, КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм хагъэхьащ икIи Бахъсэн къалэм и лIыкIуэу, абы Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комиссэм и унафэщIу щыIащ. А псом и щIыIужкIэ, Алёнэ дэлажьэрт «Адыгэбзэ хасэм».

- 2016 гъэм Бахъсэн къалэм и щIыпIэ самоуправленэм и депутатхэр щыхахым сыхэтат, ауэ «резервым» сыкъыщынащ. Абыи щхьэусыгъуэ иIащ - хэхыныгъэхэр фокIадэм и 18-м екIуэкIащ, етIуанэ махуэм бын згъуэтати, унагъуэр нэхъапэ изгъэщри, сыкъызэтеувыIат, - пещэ Зеущэм. - Жылагъуэ-политикэ лэжьыгъэр хьэлъэщ, ар гурэ псэкIэ фIыуэ умылъагъумэ, упэлъэщынукъым. Я Iуэхум хуэпэж, гъащIэм и мыхьэнэр абы халъагъуэу, щапхъэ зытесхынрэ гъуазэ схуэхъунрэ цIыху куэд срихьэлIащ. Псом япэ си адэанэр изогъэщ. Абыхэм лэжьыгъэм сытрагъэгушхуэу, гукъыдэж къызату, къыздаIыгъыу сыкъекIуэкIащ. Си адэм «укъимыкIуэт!» жиIэрт сытым дежи. Ар сигу изубыдащи, сыт хуэдэ Iуэху сыпэрыувэми къысхуагъэлъагъуэми, сыкъикIуэтыркъым, сытегушхуэ мыхъумэ. АдэкIэ, администрацэм сыщыщыIэм Бырхьэм Залинэ и лэжьэкIэр згъэщIагъуэрт икIи абы хуэдэу сыщытыну сехъуапсэрт. Бахъсэн дэт курыт еджапIэ №4-м, тхыдэмкIэ езгъаджэу сыздэщыIэм, сэ щапхъэ дахэ схуэхъуащ абы и унафэщI Багъэтыр Маринэ. Парламентым и гугъу пщIымэ, абы щылажьэ дэтхэнэ зыри и Iуэхум хьэщыкъ хуэхъуа защIэщ. КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ,



абы и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, «Урысей зэкъуэт» фракцэм и тхьэмадэ АфэщIагъуэ Михаил, ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ комитетым и унафэщIу щыта Азычэ Светланэ сымэ дадэлэжьащ, дагъэгушхуэу, чэнджэщэгъу къытхуэхъуу.

Алёнэ и адэр къыщхьэщытыжкъым, ауэ дэгъэзеигъуэхэм тригъэгушхуэу къыбгъурытщ и щхьэгъусэр. Абы къыдеIыгъ и сыт хуэдэ лэжьыгъэри.

КъызыхэкIа лъэпкъым и бзэм, и тхыдэм, и хабзэм Алёнэ пищIын щыIэкъым. Ар хэкупсэщ. А гурыгъуазэращ ар 2008 кърихужьэу, «Псынэ» журналым къезышэлIари.

Зыхуеджар егъэджакIуэ IэщIагъэми, политикэм дихьэхами, къызыхуигъэщIауэ къилъытэжа Iуэхум къигъэзэжащ Алёнэ. Ар нобэкIэ Бахъсэн къалэм дэт «Сабий творчествэм и IуэхущIапIэм» и унафэщIщ.

- Бахъсэн къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Мэмхэгъ Хьэчим мы лэжьыгъэр къыщысхуигъэлъэгъуам Iэнкун сыхъуат. Къапщтэмэ, сэ курыт еджапIэм илъэс куэдкIэ сыщылэжьати, сабийхэм дэлэжьэным сесэжауэ щытын хуейт, ауэ унафэщI къалэным сыщышынат. Арами, «укъимыкIуэт» псалъэр си тхьэкIумэм итти, сытегушхуащ, пэжыр жысIэнщи, сыхущIегъуэжакъым. Алъандэрэ си щхьэм илъа лэжьыгъэр нахуапIэ сщIыну Iэмал къызэзыта IэнатIэм махуэ къэс фIыщIэ хузощI сигукIэ. Сабийхэр курыт еджапIэр къаухын хуейуэ гъащIэм къегъэуври, макIуэ. Ди деж къыщIэкIуэр яфIэфIщи аращ. Щхьэж зыхуэIэзэ, дэзыхьэх, и псэм фIэфI IэщIагъэм теухуауэ зиужьыну Iэмал къыщагъуэт ди деж. А цIыкIухэр нэжэгужэу, пIащIэу къызэрыкIуэм, я егъэджакIуэхэр къаухъуреихьауэ уэршэру, зыгуэрхэм тепсэлъыхьу зэхэту сащыIуплъэкIэ, нэхъыбэж сщIарэт, мыхэр цIыхум яхэсшарэт, сIэтарэт, псоми къезгъэцIыхуарэт жысIэу сохъу, - жеIэ Алёнэ.

«Сабий творчествэм и IуэхущIапIэм» цIыкIу 1610-рэ йокIуалIэ иджыпсту. Ахэр унэтIыныгъэ 26-м теухуауэ мэлажьэ, тхьэмахуэ къэс зэпеуэ, зэIущIэ зэмылIэужьыгъуэхэр щрагъэкIуэкI, «Успех каждого ребёнка», «Доступная среда» къэрал программэхэр щагъэзащIэ.

- Иджыри унэтIыныгъэ зыбжанэ къызэIусхыну сохъуапсэ: сурэт щIыныр, театрыр, къафэр, IT технологиехэр щагъэунэху, анэдэлъхубзэмкIэ гупжьейхэр, нэгъуэщIхэри. Сыхуейт иужьрей IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэща унэ щхьэхуэ диIэу, абы дыщылэжьэну. Сабийхэм нобэ яхэтлъхьэращ гъащIэм Iэпэгъуу щаIэнур, зыхуэдгъасэращ лъабжьэ яхуэхъунур. Си къарум фIэкIа зыми сыщымыгугъыу къэскIуащ а гъуэгуанэри, зищIысыр сощIэ. ЦIыхум и чэзум щIэгъэкъуэн, тезыгъэгушхуэн, зыунэтIын игъуэтын хуейщ. Иджыпсту апхуэдэ дунейщ дыщыпсэури, бзылъхугъэм лэжьыгъэри, унагъуэри, унэгуащэ, нысэ, пхъу къалэнхэри, сабийхэри екIуу зэдехьыф. Аращи, бзылъхугъэхэм я махуэшхуэм ирихьэлIэу захуэзгъэзэну сыхуейт мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ - адыгэ бзылъхугъэу дунейм фытет, фи быныр фIым хуэвгъасэ, хабзэм щIэфпIыкI, анэдэлъхубзэр яIурыфлъхьэ, хэкур фIыуэ евгъэлъагъу, нэхъыжьхэм пщIэ хуевгъэщI. СощIэ, ар лэжьыгъэ хьэлъэщ, ауэ мыри зыщывмыгъэгъупщэ - фи щхьэ фIыуэ флъагъуж, пщIэ зыхуэфщIыж!

*Епсэлъар* **ФЫРЭ Анфисэщ**.

# Лъагъуныгъэ, гуапагъэ, зэгурыIуэ

**Мыхьэнэ пыухыкIа зимыIэ, къалэн ин цIыхухэм я пщэ щыдэмылъ зы IэнатIэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Ауэ зыми хуэмыдэжщ еджапIэ-гъэсапIэхэр.**

ЦIЫХУ нэс гъэсэн лэжьыгъэ къызэрымыкIуэм, мытыншым екIуу пэрытщ Лэскэн районым хыхьэ Урыху (КъугъуэлъкъуеЙ) къуажэм и «Сабий сад №1» МКДОУ-м и IэщIагъэлIхэр. Зыпэрыт IэнатIэкIэ зэхуэмыдэхэми дэтхэнэри зыхущIэкъур сабийхэр зыхуей хуэгъэзэнырщ, ямыщIэ кърагъэщIэнырщ, школым хуэгъэхьэзырынырщ, адыгэ хабзэм щыгъэгъуэзэнырщ, щIэныгъэм къыдэкIуэу гъэсэныгъэ екIу зэрыхалъхьэнырщ, хэкур фIыуэ ялъагъуу, узыншэ цIыкIуу къэгъэхъунырщ.

Апхуэдэу зэгурыIуэ-зэдэIуэжу, я пщэрылъхьэм пылъхьэншэу пэлъэщу сабий садым щолажьэ цIыху 34-рэ. Абыхэм я нэIэм щIэт цIыкIу 224-м я Iэпкълъэпкъыр, я псэр, я къэухьыр зэрапсыхьым и щыхьэтщ урысейпсо, республикэ, район зэхьэзэхуэхэм сабийхэр щIэх-щIэхыурэ зэрыхэтыр, текIуэныгъэхэр къызэрыщахьыр.

- Лъагъуныгъэ, гуапагъэ, хуабагъэ, зэгурыIуэ - мис ахэращ егъэджакIуэ-гъэсакIуэхэм сабийм еттыр. Абы къыпокIуэ гухэхъуэ, гукъыдэж, гурыфIыгъуэ. Дунейр зыхуэныкъуэ, цIыхухэр зыхуей Iуэхугъуэщ длэжьыр - гъащIэм и удз гъэгъауэ къалъытэ сабийхэм дахуосакъ. ЗэрытщIэщи, удзыр къыщыкIыр, щыгъагъэр абыхэм щелIалIэкIэщ, фэрыщIагъ хэмылъу ахэр фIыуэ щалъагъукIэщ, - жеIэ сабий садым и унафэщI Срыкъуэ Джульеттэ.

Сабий садхэм щылажьэм я нэхъыбэр цIыхубзщи, ди гуапэу Бзылъхугъэхэм я дунейпсо махуэмкIэ дохъуэхъу зи гугъу тщIа гуп дахэм. ЕхъулIэныгъэ щымыщIэну, сабий Iущ, лъэпкъым хуэщхьэпэн цIыху къызыхэкIынухэр дяпэкIи ягъэсэну Тхьэм жиIэ.



*Тхыгъэри сурэтри* **ИСТЭПАН Залинэ** *ейщ*.

*Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр пщэдей къыдэкIынущ.*

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту яттхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.705 • Заказыр №442

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А